

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab medar ngeunaan (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) sumber data, (4) téhnik panalungtikan, (5) instrumén panalungtikan, jeung (6) isu étik.

3.1 Métode Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif kalayan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun nganalisis data nu teu bisa diukur atawa diitung ku angka. Ieu pamarekan digunakeun lantaran sipatna anu leuwih subjéktif.

Métode panalungtikan anu ngagunakeun déskriptif teu bisa leupas tina panalungtikan kualitatif lantaran metode déskriptif dianggap bisa ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kana naon bebeneran anu aya dina panalungtikan. Moleong (2006, kc. 6) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu miboga maksud pikeun maham fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna, paipolah, persépsi, motivasi, jrrd., sacara holistik jeung ngagunakeun cara déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks husus nu alamiah jeung ngamangpaatkeun rupa-rupa métode alamiah.


Suyanto (2006, kc. 80) nétélakeun yén waktu ngagunakeun métode déskriptif dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan. Waktu ngagunakeun métode déskriptif dina kualitatif aya opat léngkah nu ngawengku (1) ngumpulkeun data, (2) nganalisis data, (3) napsirkeun data, jeung (4) nyieun kacindekan.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dipikabutuh pikeun ngararancang hiji panalungtikan sangkan bisa ngagampangkeun waktu ngalakukeun panalungtikan ti mimiti nepi ka réngsé. Sakumaha nu ditétélakeun Arikunto (2010,

kc. 175) yén desain panalungtikan nya éta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu bakal dilakukeun dina panalungtikan.

Ieu panalungtikan miboga rarancang pikeun ngaguar papasingan pamali nu ngawengku pamali keur budak, nu keur kakandungan, parawan jeung jajaka, nu sipatna umum, jeung nu sipatna husus, fungsi, kamekaran dina mangsa kiwari, jeung ajén-inajén étnopédagogi Sunda nya éta sadrasa kamanusaan nu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadina, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal karaharjaan lahir batin nu nyangkaruk dina kapamalian nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Anapon bagan desain panalungtikanna saperti ieu di handap:



Gambar 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Sumber Data

Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun sumber data dina panalungtikan nya éta subjék ti mana éta data kacangking. Sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku:

3.3.1 Partisipan (Informan)

Partisipan atawa informan nya éta subjek dina panalungtikan nu ngaguar ngeunaan objék panalungtikan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Spradley (2006 kc. 38) yén informan mangrupa sumber informasi ti panyatur asli nu dipénta nyaritakeun dina basa jeung dialékna sorangan. Informan dina ieu panalungtikan nya éta masarakat Désa Kanékés. Masarakat Désa Kanékés sumebar di 13 RW jeung 66 RT nu ngawengku 63 kampung Baduy Luar jeung 3 kampung Baduy Jero. Anapon jumlah pendudukan aya 11.699 dina bulan maret 2017 saperti dina ieu tabel.

Tabél 3.1

Data Jumlah Penduduk Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar
Kabupatén Lebak Provinsi Banten

No	Ngaran Kampung	Kat.		Jumlah Penduduk			
		RW	RT	L	P	L+P	KK
1	Kaduketug I	01	01	530	513	1.043	377
2	Cipondok		02				
3	Kaduketug II		03				
4	Kadukaso		04				
5	Cihulu		05				
6	Kaduketug III		06				
7	Marénggo	02	01	430	431	861	261
8	Gajéboh		02				
9	Cibalingbing		03				
10	Cigula		04				
11	Cikuya		05				
12	Kadujangkung	03	01	377	416	793	247
13	Karahkal		02				
14	Kadugedé		03				
15	Cicampaka		04				

16	Kaduketer I	04	01	427	391	818	227
17	Kaduketer II		02				
18	Cicatang I		03				
19	Cicatang II		04				
20	Cikopéng		05				
21	Cibongkok		06				
22	Sorokokod	05	01	717	683	1.400	382
23	Ciwaringin		02				
24	Cibitung		03				
25	Batara		04				
26	Panyérangan		05				
27	Kadukohak		06				
28	Cisaban I	06	01	617	634	1.251	367
29	Cisaban II		02				
30	Leuwihandam		03				
31	Ciranca Kondang		04				
32	Kanengai		05				
33	Cipicung		06				
34	Cipalér Lebak	07	01	406	415	821	254
35	Cipalér Pasir		02				
36	Cicakal Leuwibuleud		03				
37	Cicakal Muara		04				
38	Cepak Bungur		05				
39	Cicakal Girang I	08	01	347	307	654	193
40	Cicakal Girang II		02				
41	Cicakal Girang III		03				
42	Cipiit Lebak		04				
43	Cipiit Pasir		05				
45	Cikadu Lebak	09	01	297	321	618	214
46	Cikadu Pasir		02				
47	Cikadu Babakan		03				
48	Cijangkar		04				
49	Cijéngkol		05				
50	Cisagu Lebak	10	01	347	307	654	193

51	Cisagu Pasir		02				
52	Babakan Eurih		03				
53	Cijanar		04				
54	Cibéo	11	01	627	584	1.211	308
55	Cikartawana		02				
56	Cikeusik		03				
57	Ciranji Lebak	12	01	335	293	628	182
58	Ciranji Pasir		02				
59	Cikulingseng		03				
60	Cibagelut		04				
61	Cepak Huni		05				
62	Ciémés		06				
63	Cisadané	13	01	454	470	924	248
64	Batubeulah		02				
65	Cibogo		03				
66	Pamoéan		04				
TOTAL		13	66	5.911	5.788	11.699	3.413

(Data Penduduk Désa Kanékés Bulan Maret 2017)

Dumasar kana pedaran, bisa dicindekkeun yén Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak Provinsi Banten mangrupa masarakat adat Baduy nu perenahna aya di kawasan Gunung Kendeng. Jumlah masarakatna aya 11.699 nu sumebar di 66 kampung, 13 RW, jeung 66 RT.

Informan dina ieu panalungtikan nya éta warga asli Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Informan dina ieu panalungtikan nya éta warga asli Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Informan dina ieu panalungtikan diwilah-wilah dumasar kana kategori-kategori nu ditangtukeun keur informan nu ngawengku; (1) umur; (2) jenis kelamin; (3) kalungguhan; jeung (4) asal wilayah adat (Baduy jero atawa Baduy Luar). Anapon sababarah tokoh masarakat nu diwawancara pikeun meunangkeun data pamali nya éta, (1) Wawakil Puun nu diwakilan ku Ayah Mursid, (2) Jaro Pamaréntahan nya éta Jaro Saija, (3) Baris kolot (sesepuh lembur) nu diwakilan ku Ayah Narpah, jeung (4) Masarakat biasa nu diwakilan ku Ayah Naldi.

3.3.2 Objék Panalungtikan


Ieu panalungtikan museur kana maluruh kapamalian nu aya di Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Kapamalian-kapamalian nu sumebar di masarakat dikumpulkeun ngaliwatan téhnik observasi jeung wawancara. Kapamalian nu kakumpul dianalisis dumasar kana papasingan, fungsi, jeung ajén étnopédagogina.

3.3.3 Tempat Panalungtikan

Désa Kanékés perenahna aya di Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak Provinsi Banten. Sacara administratif, patepung wates jeung 11 Désa ti 6 Kecamatan, nya éta di béh kalér aya Désa Bojongménténg, Désa Cisimeut, jeung Désa Nayagati (Kecamatan Leuwidamar). Di kulonna aya Désa Parakan Beusi jeung Désa Kebon Cau (Kecamatan Bojongmanik) sarta Désa Karangnunggal (Kecamatan Cirinten). Kiduleunna aya Désa Cikaté jeung Désa Mangunjaya (Kecamatan Cijaku). Di wétanna aya Désa Karangcombong (Kecamatan Muncang), Désa Hariang jeung Désa Cicalabaang (Kecamatan Sobang).

Désa Kanékés aya di kawasan Gunung Kendeng. Désa Kanékés dikukuhkeun jeung aku minangka Tanah Ulayat Masarakat Baduy aya dina Perda Kabupatén Lebak Nomor 32 taun 2001 ngeunaan “*Perlindungan atas Hak Ulayat Masarakat Baduy (Lembaran daérah Kabupatén Lebak Nomor 65 seri D tahun 2001)*” satuluyna ditegeskeun deui ku SK Bupati Lebak nomor 590/Kep. 233/Huk/2002 ngeunaan “*Penetapan batas-batas detail hak ulayat masarakat Adat Baduy di Desa Kanekes Kecamatan Leuwidamar Kabupaten Lebak tertanggal 16 Juli 2002 atas dasar hasil pengukuran dan pemetaan serta mengacu pada batas wilayah administratif, batas khusus dan batas alam yang dilaakukan oleh Badan Pertahan Nasional (BPN)*”. Ku kituna dikukuhkeun sacara resmi lega Tanah Ulayat Baduy nya éta 5.136,58 Ha nu dibagi kana dua bagian nya éta 63 kampung Baduy Luar, jeung 3 kampung Baduy Jero (Cibéo, Cikartwana, jeung Cikeusik).

Anapon gambaran peta Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten nya éta:



Gambar 3.1
Peta Désa Kanékés

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku kana téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data, téhnik nu dipakéna nya éta téhnik observasi lapangan ku cara ngawawancara sabaraha narasumber atawa informan nya éta masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Salian ti ngumpulkeun data di lapangan panalungtik ogé ngagunakeun téhnik studi pustaka ku cara macaan sababaraha buku référénsi pikeun nguatkeun data tina hasil panalungtikan di lapangan.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka atawa telaah pustaka mangrupa téhnik panalungtikan nu dilakukeun ku cara macaan buku-buku sumber ti pabukon. Buku-buku nu dibaca nya éta buku-buku nu aya patalina jeung konsép, tiori katut pedaran pasualan panalungtikan. Udaganna pikeun ngeuyeuban tiori-tiori sarta nguatkeun pasualan nu dipedar dina panalungtikan.

2) Téhnik Observasi

Téhnik observasi mangrupa léngkah awal nu biasana dilakukeun dina panalungtikan kualitatif. Sakumaha nu ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006 kc. 174) yén aya sasabaraha alesan nu ngalantarankeun téhnik observasi digunakeun dina panalungtikan kualitatif. Salah sahiji nu ngalantarankeunna nya éta téhnik observasi didadasaran ku pangalaman sacara langsung.

3) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa paguneman antara dua jalma, dimana aya nu nanya jeung nu ngajawab. Sakumaha nu ditétélakun ku Moleong (2006, kc. 186) yén wawancara mangrupa paguneman nu miboga maksud nu tangtu. Tujuan tina wawancara nu sakumaha ditétélakeun ku Lincoln jeung Guba (dina Moleong, 2006. kc 186) yén tujuan tina wawancara téh ngawengku ngarékontruksi ngeunaan jalma, kajadian, orhanisasi, perasaan, motivasi, tuntunan, jeung sajabana jeung sajabana.

4) Téhnik Dokuméntasi jeung Transkripsi Data

Dokuméntasi mangrupa hal nu penting. Ku ayana dokuméntasi hasil panalungtikan bisa leuwih dipercaya. Sakumaha nu ditétélakeun ku Endraswara (2009, kc. 99) yén dokuméntasi mangrupa léngkah awal panalungtikan folklor jeung étnografi (kualitatif). Dokuméntasi nu dilakukeun bisa ngaliwatan rékaman video, sora, jeung poto.

Sabada didokuméntasikeun data satuluyna ditranskripsi atawa dialih mediakeun tina lisan kana tulisan. Endraswara (2009, kc. 96) nétélakeun yén transkripsi data nya éta léngkah pikeun ngarobah data lisan kana tulis. Data lisan ilaharna mangrupa rekaman vidio, suara, boh tina HP, komputer, atawa CD. Dina prosés transkripsi panulis kudu taat kana asas transkripsi, hartina panulis teu meunang ngarobah sanajan ngan sahurup atawa sakecap tina data lisan nu ditranskrip.

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul jeung ditranskrip, data tuluy dianalisis dumasar kana tujuan panalungtikan nu ngawengku papasingan, fungsi, kamekaran jeung ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina pamali. Anapon tahap analisis datana saperti ieu di handap.

1) Analisis Papasingan Pamali

Data pamali nu geus jadi data tinulis dipasing-pasingkeun (klasifikasi) dumasar kana jenisna atawa ka saha éta pamali ditujukeunana. Endraswara (2009, kc. 106) nétélakeun klasifikasi nya éta *penggolongan*. Éta klasifikasi dilakukeun sacara manual ngagunakeun kartu data klasifikasi.

2) Analisis Fungsi Pamali

Data nu geus dipasing-pasing tuluy dipaluruh fungsi saenyana. Dina maluruh fungsina panalungtik napsirkeun dumasar kana pangaweruhna ogé dipatalikeun jeung hal anu asup akal.

3) Analisis Kamekaran Pamali

Sabada data di klasifikasi jeung kapaluruh fungsi nu nyamunina. Data panalungtik napsir kamekaran pamali dumasar kana hasil panalungtikan observasi kana kaayaan di lapangan. Salian ti éta panalungtik ogé napsirkeun hasil tina wawancara ti narasumber.

4) Analisis Ajén Étnopédagogi dina Pamali

Dina nganalisis ajén étnopédagogi nu nyangkaruk dina pamali panalungtik ngagunakeun kartu data étnopédagogi. Fungsina kartu data sangkan ngagampankeun dina ngawilah-wilang jeung nataan pamali dumasar kana ajén-ajén étnopédagogina. Dina ngawilah-wilahna panalungkin napsirkeun pamali dumasar kana pangaweruhna ngeunaan pamali nu dipatalikeun jeung étnopédagogi.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nurutkeun Arikunto (2010, kc. 2013) nya éta pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih taliti lengkep jeung sistematis sarta leuwih gampang nalika engké ngolah datana. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) Daptar buku sumber, (2) tabél obervasi lapangan, (3) pedoman wawancara, (4) alat rékam (HP), (5) kaméra, (6) alat tulis, jeung (7) kartu data.

1) Kartu Data Buku Sumber

Kartu data buku sumber mangrupa daptar buku-buku référénsi nu ditulis ku para ahli nu digunakeun pikeun nguatkeun ieu panalungtikan. Daptar buku diruntuykeun dina wangun tabél kartu data sangkan ngagampankeun dina ngagunakeunana. Ieu di handap mangrupa tabél katu data buku nu digunakeun.

Tabél 3.3

Kartu Data Buku Sumbér

NO	Idéntitas Buku	Kategori Buku
	Judul :	1. Kabudayaan
	Penulis :	2. Basa
	Taun Terbit :	3. Sastra
	Penerbit :	4. Étnopédagogi
		5. Filsafat
		6. Méhode Panalungtikan
		7. Kamus
		8. Jurnal Ilmiah

2) Pedoman Observasi Lapangan

Pedoman observasi lapangan digunakeun pikeun niténan kondisi alam, kabiasaan sapopoé masarakatna, wangunan imah, jeung peran pamali di masarakat Désa Kanékés. Pedoman observasi dijieun dina wangun tabél saperti ieu di handap.

Tabél 3.4

Pedoman Observasi Lapangan

Objék Observasi	Baduy Jero	Baduy Luar
Kondisi Lingkungan		
Wangunan Imah		
Pakéan Adat		
Pakakas Dapur		
Hukum Adat		
Pola Hirup		
Hak Séjénna		

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngumpulkeun pamali anu hirup di masarakat Désa Kanékés Kécamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten anu wangunna lisan. Pedoman digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara anu henteu *terstruktur*, hartina narasumber teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruhna ngeunaan pamali anu hirup di sabudeureunana. Ieu dihandap mangrupa pedoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku idéntitas informan jeung pedoman wawancara.

Tabél 3.5

Identitas Informan

Idéntitas Informan	
1) Ngaran :	Foto
2) Umur :	
3) Jenis Kelamin :	
4) Kalungguhan :	
5) Padumukan :	

Tabél 3.6
Pedoman Wawancara Pamali

Pedoman	Pertanyaan
1) Pangaweruh ngeunaan kapamalian	1) Naon ari pamali?
	2) Ti iraha mimiti aya pamali?
	3) Saha nu nyieun pamali?
	4) Kumaha prosés ngawariskeun pamali?
2) Fungsi pamali nu aya di Désa Kanékés	1) Naon fungsina pamali di jaman baheula?
	2) Naon fungsina pamali di jaman kiwari?
	3) Naon bédana fungsi pamali di Baduy jero jeung Baduy luar?
3) Kamekaran (statis atawa dinamis) pamali nu aya di Désa Kanékés	1) Naha pamali nu aya di Baduy ngalaman parobahan?
	2) Saha nu boga wewenang dina ngarobah atawa nambahan kapamalian?
	3) Naon bédana pamali di Baduy jero jeung Baduy luar?
4) Papasingan pamali jeung pamali nu masih hirup di masarakat	1) Naon baé kapamalian nu aya di Baduy?
	2) Keur saha baé éta pamali dituduhkeun?
	3) Pamali naon baé nu sipatna dasar?
	4) Naon baé pamali nu sipatna keur barés kolot?
	5) Naon baé pamali nu sipatna keur umum?
	6) Naon baé pamali nu sipatna keur sémah?
	7) Naha sémah nu datang kudu tuhu kana éta pamali? Kumaha balukarna lamun dirempak?
5) Harti atawa ma'na nu kacangking tina pamali	1) Naon ma'na saenya dina kapamalian nu aya di Baduy?
	2) Naon hubunganna kapamalian jeung pikukuh adat Baduy?
	3) Lamun saupama aya nu ngarempak, naon hukumanana?
	4) Saha nu boga hak ngahukumna?
	5) Naha pamali dijadiun pangajaran di Baduy?

4) Alat Rékam (HP)

Alat rékam nu diguanakeun dina ieu panalungtikan nya éta *aplikasi perekam suara* dina *HP*. Ieu alat digunakeun pikeun meunangkeun data pamali tina hasil wawancara jeung narasumber.

5) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokumentasikeun prosés lumangsungna panalungtikan jeung hal-hal naon baé nu dianggap penting waktu panalungtikan. Dokuméntasina mangrupa foto jeung video narasumber, jeung kaayaan tempat panalungtikan.

6) Alat Tulis

Alat tulis ngawengku kertas jeung pulpén nu diguankeun pikeun nyatet data ngeunaan kapamalian ti narasumber nu nolak wawancarana dirékam. Salian ti éta alat tulis ogé digunakeun dina ngawilah-wilah pamali.

7) Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngadokumentasikeun data anu mangrupa téks pamali. Kartu data ngagampangkeun pikeun panalungtik nataan pamali saluyu jeung papasinganana.

Tabél 3.7

Kartu Data Papasingan Pamali

No	Kode :	Papasingan Pamali
		1. Pamali Umum (PU)
		2. Pamali Husus (PH)
		3. Pamali Kakandungan (PK)
		4. Pamali Parawan (PP)
		5. Pamali Jajaka (PJ)
		6. Pamali Barudak (PB)

Tabél 3.8

Kartu Data Kamekaran Pamali

No	Kode:	Kategori Kamekaran Pamali
		1. Pamali Baheula
		2. Pamali Anyar

Tabél 3.9
Kartu Data Ajén Étnopédagogi (Sadrasa Kamanusaan)

No	Kode :	Sadrasa Kamanusaan
1		1. Moral Manusa ka Pangéran (MMT)
		2. Moral Manusa ka pribadina (MMP)
		3. Moral Manusa ka manusa séjén (MMM)
		4. Moral Manusa ka alam (MMA)
		5. Moral Manusa kana waktu (MMW)
		6. Moral Manusa dina ngahontal karaharjaan lahir batin (MMLB)

Dumasar kana téhnik jeung instrumén panalungtikan aya sababaraha léngkah-léngkah panalungtikan nu kabagi kana tilu tahap nya éta:

1) Pra panalungtikan

Pra panalungtikan mangrupa kagiatan nu dilakukeun saméméh panalungtikan ka lapangan. Dina ieu tahap ngawengku sasabaraha léngkah-léngkah:

- (1) nangtukeun objék panalungtikan;
- (2) nangtukeun tempat panalungtikan;
- (3) nangtukeun rumusan masalah panalungtikan;
- (4) nangtukeun métode panalungtikan; jeung
- (5) nangtukeun buku référénsi.

2) Prungna panalungtikan

Tahap prungna panalungtikan mangrupa tahap panalungtikan di lapangan pikeun meunangkeun data ngeunaan objék nu ditalungtik nya éta pamali. Ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah:

- (1) nguruskeun izin ka pihak Désa Kanékés;
- (2) observasi lapangan;
- (3) ngawawancara informan ngeunaan objék panalungtikan; jeung
- (4) nyatet hasil sementara di lapangan.

3) Pasca panalungtikan

Tahap pasca panalungtikana nya éta tahap ngolah, napsirkeun jeung nyusun laporan tina hasilpanalungtikan di lapangan. Anapaon dina ieu tahap ngawengku sababaraha léngkah-léngkah:

- (1) nranskripsi hasil wawancara jeung informan;
- (2) nyusun laporan hasil panalungtikan;
- (3) medar hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung tiori-tiori nu aya dina bab II; jeung
- (4) nyieun kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi.

3.6 Isu Étik

Ieu panalungtikan teu mangaruhan kana pola hirup masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Dina prosés panalungtikanna panalungtik nuturkeun aturan-aturan jeung kode étik nu lumaku di masarakat Désa Kanékés Kecamatan Leuwidamar Kabupatén Lebak-Banten. Lamun sakirana aya hal nu dipantrang ku masarakat atawa hal nu teu meunang diguar, panalungtik teu maksa narasumber pikeun ngajelaskeun éta hal. Tujuanna sangkan aya hubungan nu hadé antara masarakat jeung panalungtik. Anapon kode étik nu dilarapkeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan nya éta; (1) pakéan; (2) sikep; (3) basa; jeung (4) sabada panalungtikan méré tawis katineung.